

# Enstriksyon kijan pou pran echantyon pou dlo pwi



Laboratwa anviwònman Depatman Sanitè Florida (FDOH) nan West Palm Beach se yon laboratwa mikwobyolojik ki Sètifye pou teste dlo. Anplwaye nou ki byen antrene pou sa ap analize echantyon dlo yo pou wè si yo pa kontamine ak bakteri, kolifòm total epi Echericha Koli (E. Coli) nan echantyon dlo potab yo, epi antewokoksi (enterococci) nan echantyon dlo ki pa dlo potab yo.

Sitwayen nan sektè prive a ki swete bay teste dlo yo pou kontaminasyon ak bakteri, yap ba yo yon boutèy esteril pou pran echantyon epi enstriksyon kijan pou pran echantyon an. Frè pou analiz dlo potab la se 30 dola pou chak echantyon epi pou analiz dlo ki pa dlo potab se 50 dola pou chak echantyon. Yo dwe peye frè a lè yo vin cheche boutèy echantyon an nan laboratwa a.

## **i Enstriksyon jeneral**

- Rezidan oubyen vizitè pou analize yo dwe kolekte nan boutèy ki trase ke laboratwa FDOH bay epi ki prezèvè ak sodyòm tyosilfat (0.008 pousan Na<sub>2</sub>S<sub>2</sub>O<sub>3</sub>) pou deklore echantyon an.
- Avan ou pran echantyon, tcheke kondisyon anviwònman yo, li pa rekòmande pou pran echantyon pandan gwo lapli, ti seren lapli, oubyen gwo van.
- Ou dwe pran echantyon dlo a epi pote li nan laboratwa a pou teste nan menm jou a.
- Laboratwa Anviwònman sanitè FDOH la ap resevwa echantyon dlo yo West Palm Beach sèlman **Lendi pou rive Jedi de 8:00 AM jiska 4:00 PM**. Yo pap resevwa echantyon jou vandredi.
- Koleksyon echantyon yo pou analiz mikwobyolojik dwe fèt nan boutèy plastik ki pwòp, esteril ke laboratwa FDOH la bay.
- Teknik pou kolekte echantyon an dwe kòrèk yon fason pou kenbe echantyon an jan ou te kolekte li a.
- Manipile echantyon yo yon fason ki pa kòrèk kapab koz erè nan rezulta nenpòt analiz laboratwa.
- Planifye pou kolekte yon echantyon dlo ki menm ak dlo ou vle teste a.
- Pa pran echantyon an nan yon wobinè kap koule dlo e ki pèmèt dlo koule sou kò wobinè a.
- Yo dwe pote echantyon yo nan laboratwa menm jou nou pran echantyon an a tou glase nan yon tèmòs ki gen glas oubyen pakè ki kenbe fre.



## **Dokimatasyon**

Echantyon an dwe akonpanye ak fòmilè enfòmasyon konplè e presi (chèn ki pèmèt ou retrase) e ki ap genyen enfòmasyon sa yo, si yo aplikab: non system nan oubyen sit la; tip echantyon an; kote yo pran echantyon an(lokalizasyon); dat, lè epi kontak moun ki kolekte echantyon an.

1. Boutèy ki gen echantyon an dwe make avek makè ki paka efase pou kapab idantifye li.

Kite boutèy la fèmen jiska lè ou pral kolekte echantyon an.



2. Ou dwe kolekte chantiyon dlo a nan yon wobinè ki sou tèt pw a. Retire tout tib dlo, aeratè, ou filtre (si sa posib). Pa itilize okenn fòm dezenfektan (alkòl, klowòks, eksetera) oubyen chalè pou esterilize wobinè a.



3. Ponpe dlo a pou jeje yon kantite ki adekwa pou dekrase wobinè a epi tiyo a (5 a 10 minit) avan ou kolekte echantyon an.

4. Redwi kous dlo a pou boutèy la ka ranpli san dlo a pa gaye sou li.

5. Retire ti plastik ki sele bouch boutèy la nèt, debouche boutèy la epi pa mete l chita sou okenn sifas (pa touche arebò bouch boutèy la; andedan bouchon an osinon andedan bouyèy la).

6. Kolekte echantyon dlo a pandan ke ou kenbe boutèy la avèk anpil prekosyon anba dlo ki ap vide a.

7. Ranpli boutèy la jiska liy ki make 100 mL la. Laboratwa a pap aksepte echantyon ki pi piti pase 100 mL.

8. Pa ranpli boutèy la depase oubyen pa rense boutèy echantyon an, sa ap lakoz prezèvatif ki ladan l nan gaspiye, e nou pap ka garanti validite echantyon an.

9. Retounen vise bouchon an byen di epi panche boutèy la plizyèfwa pou kapab melanje prezèvatif la avèk echantyon dlo a.

10. Mete boutèy ki gen echantyon dlo a nan yon tèmòs, yon vesò oubyen nan yon sachè plastik ki genyen glas oubyen pakè ki kenbe fre e ki dwe frèt jiska 4 degré santigrad. Fè atansyon pou dlo glas ki fonn yo pa monte pi wo pase boutèy ki gen echantyon yo.

11. Transpòte echantyon dlo yo nan laboratwa a tou nan glas.

